दिन– शुक्रवार                                                                    दिनांक–30.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                          अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आई रोहतासक बिक्रमगंज मे अड़तालीस हजार पांच सय करोड़ रूपए सँ बेसीक विद्युत, सड़क, रेल आओर शिक्षासँ जुड़ल परियोजना सभक शिलान्यास आओर उद्‌घाटन कयलनि। प्रधानमंत्री बिहार सहित पूर्वी भारत मे बिजली आपूर्ति कँ मजगूत करबाक लेल एनटीपीसीक नबीनगर सुपर ताप बिजली परियोजनाक दोसर चरणक शिलान्यास सेहो कयलनि। दोसर चरणक तहत आठ सय मेगावाटक तीन नव इकाई सभक स्थापना कयल जायत। एहिसँ प्लांटक कुल क्षमता बढ़िकऽ चार हजार तीन सय अस्सी मेगावाट भऽ जायत। एकर निर्माण पर उनतीस हजार नओ सय अड़तालीस करोड़ रूपया खर्च होयत। श्री मोदी एनएच–नओ सय बाईस पर बक्सर आओर भरौलीक बीच गंगा नदी पर पुलक निर्माण, हार्डिंग पार्क और पटना मे पांच टर्मिनल प्लेटफॉर्मक शिलान्यास कयलनि। प्रधानमंत्री सासाराम–अनुग्रह नारायण रोडक बीच स्वचालित सिग्नल आओर सोन नगर–मोहम्मदगंजक बीच तेसर रेल लाईन सेहो राष्ट्र कँ समर्पित कयलनि। एहि अवसरि पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, केंद्रीय मंत्री जीतन राम मांझी, राजीव रंजन सिंह, चिराग पासवान आओर नित्यानंद रायक संग उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

एहि अवसरि पर सभा कँ संबोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे बिहार मे डबल इंजनक सरकार राज्य कँ चहुंमुखी विकासक लेल सतत प्रयास कऽ रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे बिहार मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे एनडीएक सरकार निक काज कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे आई बिहार शांति आओर प्रगतिक पथ पर तेजी सँ आगु बढ़ि रहल अछि। एहि अवसरि पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रधानमंत्री कँ बिहार आगमन पर धन्यवाद दैत कहलनि जे राज्यक विकास मे केंद्र सरकार दिससँ सभ तरहें सहायता कयज जा रहल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलनि जे आतंकवादक खिलाफ भारतक लड़ाई अडिग अछि आओर कहियो नहि रूकत। ओ कहलनि जे आतंकवादक खतरा सीमापार सँ होय वा देशक भीतरसँ ओकरा सामाप्त करबाक लेल हम कृतसंकल्पित छी। श्री मोदी आइ रोहतासक बिक्रमगंज मे कहलनि जे पाकिस्तान आओर दुनिया ऑपरेशन सिंदूरक बीच सेनाक अभूतपूर्व साहस आओर पराक्रम कैँ सेहो देखलक अछि। श्री मोदी सारण जिलाक बीएसएफक सब–इंस्पेक्टर शहीद मोहम्मद इम्तियाजक सर्वोच्च बलिदान कैँ आदरपूर्वक श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। ओ कहलनि जे दुश्मन कैँ बूझबाक चाहि जे ई हमर तरकशक मात्र एकटा तीर अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे आतंकवाद होय वा नक्सलवाद देश दुश्मन सँ निर्णायकक रूप मे निपटत।

———————————————————————

आतंकवाद उन्मूलनक लेल भारतक प्रतिबद्धताक के दुनिया धरि पहुंचेबाक लेल सात बहुदलीय संसदीय प्रतिनिधिमंडल विदेश सभ मे अपन आधिकारीक यात्राक बीच उच्च स्तरीय चर्चा सभ मे लागल अछि। जदयू सांसद संजय झा के नेतृत्व मे सर्वदलीय प्रतिनिधिमंडल इंडोशिया यात्रा पर अछि। एही अवसर पर श्री झा कहलनि जे भारत आतंकवादक खिलाफ जीरो टॉलरेंसक नीतिक अनुपालन कऽ रहल अछि। एम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता रविशंकर प्रसादक नेतृत्व में प्रतिनिधिमंडल डेनमार्कक यात्रा पर अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार उच्च जाति सभक विकासक लेल गठित सवर्ण जाति आयोगक अध्यक्ष पद पर भाजपा नेता महाचंद्र प्रसाद सिंह के नियुक्त कयलक अछि। ओतहि, जदयू के राष्ट्रीय प्रवक्ता राजीव रंजन प्रसाद उपाध्यक्ष पद हेतु नियुक्त भेलाह।

———————————————————————

सर्वोच्च न्यायलय आई निर्देश देलक अछि जे पन्द्रह जून के होयबला राष्ट्रीय स्नातकोत्तर पात्रता सह प्रवेश परीक्षा नीट–पीजी दू पाली के स्थान पर आब एक पाली मे आयोजित कयल जायत। न्यायमूर्ति विक्रम नाथक अध्यक्षता बाला पीठ अधिकारी सभ के निर्देश देलनि अछि जे एक पाली मे परीक्षा करेबाक व्यवस्था करैथ आओर ई सुनिश्चिम करैथ जे पूरा प्रक्रिया मे पारदर्शिता बनल रहए।

———————————————————————————

मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक बीच प्रदेशक कतेको जिला सभ में वज्रपातक संग बरखाब चेतावनी जारी कयलक अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना जनौलक अछि जे अहि बीच तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिण जिला सभ मे उमस सँ भरल गर्मीक स्थिति बनल रहथ।

———————————————————————————

समाप्त भेल।